# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–24 दिसंबर 2024** **भोजपुरी समाचार**

पूर्व प्रधानमंत्री अटल बिहारी वाजपेई के जन्म शताब्दी के मौका पर प्रदेस के सज्जों जनपद में मनावल जा रहल सुसासन सप्ताह के खतम भइले के मौका पर लखनऊ में रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के मौजूदगी में अटल युवा महाकुंभ अउर दुई दिन ले चले वाला अटल स्वास्थ्य मेला क सुभारंभ भइल। येह मौका पर रक्षा मंत्री अउर मुख्यमंत्री छौ सौ बासठ करोड़ रूपिया क एक सौ इक्यासी परियोजनन का लोकापर्ण अउर सिलान्यास कइले। सथही समारोह के तहत आयोजित भइल अलगि–अलगि प्रतियोगिता में बढ़िया प्रदर्सन करे वाले लइकन के इनामो दिहलें। येह मौका पर रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह कहलें कि अटल जी का जिनगी अउर विचारधारा अजुओ प्ररेणा क स्रोत हवे। उनकर व्यक्तित्व एतना विराट रहल कि उनकर कारसैली अउर फैइसलन के पूरा दुनिया कायल रही। लखनऊ अटल जी के दिल में बसत रहल अउर ईहवा के लोगि उन्हें ओतने बढ़िया तरह से जानत रहले। ओहीं मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले कि युवा महाकुंभ जइसन आयोजन अटल जी के खातिर देस अउर प्रदेस के अनुराग अउर प्रेम के देखावेला।

**********

एक राष्ट्र एक चुनाव से जुड़ल दुइ गो विधेयक पर संयुक्त संसदीय समिति क पहली बैठकि अगला महिन्ना क आठ तारिख के होइ। ओनतालिस सदस्य वाला समिति में लोकसभा क सत्ताइस गो अउर राज्यसभा क बारह गो सदस्य सामिल हवे। समिति अगिला संसद सत्र के आखिरी हफ्ता के पहिले दिन आपन रिपोर्ट सौपी।

**********

दूर संचार नियामक ट्राइ काल्हि टैरिफ नियमन में संशोधन करत मोबाइल सेवा प्रदाता के डाटा क इस्तेमाल नाही करे वाला ग्राहकन बदे वायस कॉल अउर एसएमएस खातिर अलग से प्लान जारी कइले क आदेस दिहले हवे। येह फैसिला से उपभोक्ता लोगिन के ओह सेवा बदे भुगतान करे के होइ, जेकर ऊ आमतौर पर इस्तेमाल करे लें। नियामक बिसेस रिचार्ज कूपन पर नब्बे दिन क सीमा के खतम कइ के येके तीनि सौ पैंसठ दिन ले बढ़ा दिहले हवे। ट्राइ, दूर संचार उपभोक्ता संरक्षण विनियम दुइ हजार चौबीस में कहले हवे कि सेवा प्रदाता के कम से कम एगो बिसेस टैरिफ बाउचर खास तौर से वायस यानी बातचीत अउर एसएमएस खातिर देवे के होइ, जेकर वैधता अवधि तीन सौ पैंसठ दिन से जियादे नाही होइ।

**********

आजु राष्ट्रीय उपभोक्ता दिवस के मौका पर प्रदेस के कई गो जिला में उपभोक्ता के हित से जुड़ल जागरूकता कार्यक्रम क आयोजन कइल गइल। हर सालि चउबीस दिसम्बर के मनावल जाये वाला ई दिन हर उपभोक्ता क अधिकार अउर उत्तरादायित्व के महातम के उजागर करे ला। येही दिन्ने उपभोक्ता संरक्षण अधिनियम ओन्नइस सौ छियासी लागू भइल रहे। उपभोक्ता दिवस के मौका पर येह सालि क बिसय–**वर्चुअल सुनवाई और उपभोक्ता न्याय तक डिजिटल पहुंच,** तय कइल गइल हौ।

**********

केन्द्र सरकार पनरहवां वित्त आयोग अनुदान के तहत उत्तर प्रदेश अउर आंध्रप्रदेश में ग्रामीण विकास बदे दुइ हजार करोड़ रूपिया से बेसी क धनरासि जारी कइले हवे। पंचायती राज मंत्रालय कहले हवे कि उत्तर प्रदेस बदे एक हजार पांच सौ अट्ठानबे करोड़ रूपिया से बेसी अउर आंध्र प्रदेस बदे चारि सौ छियालीस करोड़ रूपिया से बेसी क धनरासि जारी कइल गइल हवे।

**********

प्रदेस क डीजीपी प्रशान्त कुमार कहले हवें कि अगिला बरिस जनौरी में प्रयागराज में सुरू हो रहल महाकुंभ मेला में आवे वाला सरधालुअन बदे सात स्तर क सुरक्षा प्रणाली लागू कइल जा रहल हौ। अन्तर्राष्ट्रीय, अन्तर्राज्यीय अउर जिला में आवे वाला सरधालुअन क जांचि कइल जाई। उहां के बतवलीं कि मेला परिसर के भित्तर चारि स्तर क सुरक्षा व्यवस्था लागू कइल जा रहल हौ। महाकुंभ मेला परिसर में सुरक्षा बदे एआई आधारित सीसी टीवी कैमरा, ड्रोन अउर एन्टी ड्रोन सिस्टम क इस्तेमाल कइल जाई।

**********

प्रदेस क उच्च शिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय अउर कारागार राज्य मंत्री सुरेश राही, झारखण्ड क मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन से उनके आवास पर मुलाकाति कइ के उन्हें प्रयागराज महाकुंभ दुइ हजार पचीस खातिर न्यौता दिहले हवें। दुन्नो मंत्री उन्हें मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के ओरि से निमंत्रण पत्र, प्रतीक चिन्ह अउर कलसा भेंटि कइलें।

**********

प्रदेस के कई गो जिला में आजु भिन्नहियें से बादर छवले रहले के सथहीं ठंडी बढ़ि गइल हौ। हमीरपुर, बदायूं, उन्नाव, कन्नौज अउर कानपुर के सथहीं कुछु जिलन में भिन्नहीं बुन्नी परल, ओहीं मौसम विभाग प्रतापगढ़, बांदा, फतेहपुर, राय बरेली, अमेठी, सुल्तानपुर, अयोध्या, उन्नाव, सहारनपुर अउर गोंडा में हल्लुकाहे बरखा क आगम जतवले हवे। मौसम वैज्ञानिक मोहम्मद दानिश के हिसाबि से बिहने से मौसम फेर से साफ भइले क ओम्मेद हौ, जवन दुइ दिन ले जारी रही। बाकिर, एगो अउर पच्छिमी बिक्षोभ सत्ताइस अउर अट्ठाइस दिसम्बर के बनि रहल हौ, जेहसे प्रदेस के कई जिलन में बरखा भइले के सथहीं ओलो परले क अनेसा हौ।

**********